

21 mas, 2020

Ka COVID-19 ki Konfime yo

Chè kominote ki sou kanpis la,

M ap ekri pou mwen enfòmè nou gen yon moun ki gen kontra ak Sant Sante Inivèsite a ak Maryland Athletics te teste pozitif pou COVID-19.

Kote nou te konnen ka pozitif sa a byen ta yèswa, nou te kòmanse enfòmè imedyatman moun nou konnen ki te gen kontak dirèk ak moun lan epi bay konsèy CDC a. Konsèy sa a endike ke moun ki te ka gen kontak ak yon moun ki gen maladi COVID-19 la ta dwe rete lakay yo pou 14 jou pandan l ap fè yon oto-obsèvasyon epi pote atansyon ak sentom ki posib yo.

Anplis, nou te resevwa notifikasyon sou yon dezyèm ka COVID-19 yo te konfime sou yon etidyan ki te patisipe nan yon pwogram Edikasyon Aletranje nan Baselòn, Lespay. Etidyan sa a retounen lakay yo ki pa sou kanpis la .

Li enpòtan anpil pou chak grenn manm nan kominote nou an ede pou anpeche pwopagasyon viris la nan kominote a. N ap mande pou tout manm kanpis nou an rete atantif sou sentom yo epi evite kontak ak lòt moun.

Men mesaj n ap voye bay tout moun sa yo ki ta kapab ekspozè yo:

Oto-obsèvasyon vle di ou ta dwe rete atantif ak sentom yo. Si w santi w gen lafyèv oswa yon tous oswa ou gen difikilte pou w respire pandan peryòd tan oto-obsèvasyon an, ou ta dwe pran tanperati kò w, izole tèt ou, limite kontak ou gen ak lòt moun, epi chèche konsèy yon pwofesyonèl swen sante oswa depatman sante lokal la nan telefòn pou detèmine si ou bezwen yon evalyasyon medikal.

Toutotan w kapab, rete lwen lòt moun ki nan menm kay ak ou. Pinga w ale travay, lekòl, oswa ale nan zòn piblik. Evite itilize transpò piblik, pran woulib, oswa pran taksi.

Inivèsite Maryland lan kontinye pran aksyon ki pwoaktif pou ede frennen pwopagasyon COVID-19 la. Tout manb kominote a jwe yon wòl esansyèl nan prevansyon an. Lave men w souvan, pratike distans sosyal epi rete vijilan ak lasante w. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite umd.edu/virusinfo.

Sensèman,

Sacred Bodison, MD

Direktè Pwovizwa, Sant Sante Inivèsite a